# MEKTEP SABAQLÍQLARÍNDAǴÍ AYRÍM MASHQALALAR

**Xodjaeva G.A.,**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Jiemuratova G.O`.,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası pedagogikalıq sheberlik orayı úlken oqıtıwshı, Ózbekstan*

***Аннотация:*** *В статье рассматривается об уроках и их значении. созданных в рамках национальной учебной программы.*
***Ключевые слова:*** *Национальная учебная программа, Учебная программа Третьего Ренессанса (Возрождения), логическое мышление, QR-код, образование и воспитание, естественные предметы.*

***Abstract:*** *The article is about the lessons and their meaning created within the framework of the national curriculum.*
***Keywords:*** *National curriculum, Curriculum of the Third Renaissance, logical thinking, QR code, education and upbringing, natural sciences.*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyev Ózbekstan Respublikası Ǵárezsizliginiń 29 jıllıq saltanatlı bayram qutlıqlawında Ózbekstanda jańa bir oyanıw – Úshinshi Renessans dáwirine tiykar salınıp atırǵanlıǵın aytıp ótken bolsa, óziniń gezektegi Oliy Májlis hám Ózbekstan xalqına jollaǵan Múrájatında birinshi gezekte, itibar Jańa Ózbekstan ushın eń úlken investitsiya bolǵan bilimlendiriwdi qollap-quwatlawǵa qaratılıwı kerekligine ayrıqsha toqtalıp, «Mádet – tálimde, mádet – tárbiyada, mádet – bilimde. Sebebi, barlıq iygilikli maqsetlerge bilim hám tárbiya arqasında erisiledi»-dep atap ótti [1]. Solay eken, bul bildirilgen pikirler, wazıypalar mektep oqıtıwshılarına úlken juwapkershilik júkleydi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jil 11-maydaǵı “2022-2026- jıllarda Xalıq bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw boyinsha Milliy baǵdarlamanı tastıyıqlaw haqqında”ǵı 134-sanlı Pármani [2] hám Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2020-jıl 9-dekabrdegi 298-sanlı buyrıǵı tiykarında ulıwma orta bilim beriw pánleriniń milliy oqıw baǵdarlamaları islep shıǵıldı.

Pármanǵa tiykarlanıp 2022-2023-oqıw jılınan baslap ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde jańa áwlad sabaqlıqların basqıshpa-basqısh engiziw wazıypaları belgilendi.

Solay etip, bilimlendiriw procesinde sabaqlıqlardıń jańa áwladı degen túsinik keńnen tarqaldı. Haqıyqatında da, Milliy oqıw baǵdarlaması tiykarında baspadan shıǵarılǵan sabaqlıqlar aldıńǵı kórinisinen tupten parıq etedi. Aq-qara súwrettegi sabaqlıqlar ornın reńli kitaplar iyeledi, dáslepki waqıtları tiykarınan illyustraciyalar, foto-súwretlerden ibarat bolǵan bolsa, olardıń ornına túrli diagrammalar, karta–sızılmalar, ámeliy tapsırmalar hám Qr kodlar payda boldı. Álbette, bunday ózgerisler

menen bilim beriwdiń sapası artadı, sabaqlıq betleriniń ıqshamlasıwına alıp keledi, eń áhmiyetlisi, oqıwshılardıń dıqqatın tartıp olardıń qızıǵıwshılıǵın, óz betinshe izleniwine imkaniyat jaratıp beredi. Bul sabaqlıqlardıń jáne bir áhmiyetli tárepi logikalıq pikirlewin hám ámeliy kónikpelerin qáliplestiriwge qaratılǵan xalıqaralıq bahalaw dástúri (PISA, TIMSS) talaplarına say keletuǵın tapsırmalar menen islewge baǵdarlanǵan ámeliy shınıǵıwlar, oqıwshılardıń óz betinshe orınlawı ushın hám dóretiwshilik pikirlewge baslawshı ámeliy tapsırmalar berilgen. Solay eken ámeliy shınıǵıw hám tapsırmalardı orınlaw arqalı oqıwshılar alǵan teoriyalıq bilimlerin bekkemleydi hám óz betinshe islew kónlikpesi qáliplesip baradı. Ulıwma alǵanda dáslepki sabaqlıqlar 90% teoriyadan ibarat bolıp, oqıtıw metodikası yadlatıwǵa baǵdarlanǵan bolsa, Milliy oqıw baǵdarlaması tiykarında islep shıǵılǵan sabaqlıqlardıń mazmunı 50% teoriya 50% ámeliyattan ibarat bolıp oqıwshınıń óz betinshe pikirlewin qollap quwatlaytuǵını sózsiz.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde Geografiya oqıw pánin úyreniwdiń birinshi dáwiri 1-6-klaslarda “Tábiyiy pánler” baǵdarlaması tiykarında oqıtılatuǵın bolsa, pándi úyreniwdiń ekinshi dáwiri 7-11-klaslarda materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası, Orta Aziya hám Ózbekstan tábiyiy geografiyası, Ózbekstan ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası; jáhán ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası; ulıwma geografiya kursların oqıtıw spiral tárizli kóriniste bilimler berilip, berilgen temalar bir-birin tákirarlamay, logikalıq izbe-izligi hám ápiwayıdan quramalılıǵı itibarǵa alınǵan. Bul bolsa oqıwshılardıń bilim alıw dárejesiniń asıwına tikkeley tásir etedi. Sebebi metodist alımlardıń kórsetip bergenindey oqıwshılar dáslepki alǵan bilimlerine tiykarlanıp ózleriniń bilimlerin bayıtıp baradı. Yaǵnıy, Tábiyiy pánlerdegi bilimleri geografiya sabaqlarnda úlken áhmiyetke iye boladı.

Sabaqlıqlar zaman talapları tiykarında jaratılmaqta. Lekin, sabaqlıqlardaǵı berilgen ayırım maǵlıwmatlar oqıtıwshılar arasında mashqalalardı da payda etip atırǵanlıǵında aytıp ótiwimiz zárúr. Mısalı, 3-klaslar ushın tayarlanǵan “Tábiyiy pánler” sabaqlıǵınıń 2-bóliminde “Jerdiń suw resursları” temasında qurǵaqlıq qorshap turǵan barlıq suw beti dúnya okeanı dep atalatuǵınlıǵı, dúnya okeanların 5 bólimge, yaǵnıy, Tınısh okeanı, Atlantika okeanı, Hind okeanı, Arqa muz okeanı hám Qubla okean haqqında maǵlıwmatlar berilgen [3].

7-klass materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası kursında “Dúnya okeanı hám onıń bólimleri” temasında XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap Arktika basseyni tereń tekserilgennen keyin, 1953-jılda tórt okean - Tınısh, Atlantika, Hind hám Araqa Muz okeanları ajratıldı dep kórsetilgen [4]. Durıs, 7-klass sabaqlıǵındaǵı maǵlıwmatlar oqıwshılardıń jasın esapqa alǵan halda bir qansha bayıtıp berilgen. Bul tartıslı bolıp turǵan maǵlıwmatlardı analizleytuǵın bolsaq, 1650-jılda B.Varenius óziniń «Ulıwma geografiya» kitabında Dúnya okeanın 5 bólimge: Tınısh, Atlantika, Hind, Arqa Muz, Qubla Muz okeanlarına ajıratqanlıǵın kóriwimizge boladı. 1845-jılı London geografiya jámiyeti bul pikirdi tastıyıqladı. Biraq, XIX ásir aqırı XX ásir basında Arqa Muz okeanı menen Qubla Muz okeanınıń ǵárezsiz okeanlar ekenligine

guman payda boldı. Qubla Muz okeanı Tınısh, Atlantika hám Hind okeanlarına qosıp jiberildi. Arqa Muz okeanı bolsa Atlantika okeanınıń bir bólimi dep esaplandı. XX ásirdiń 30-jıllarınan baslap Arktika basseyni tereń tekserilgennen keyin, 1953-jılda dúńya okeanları tórtke -Tınısh, Atlantika, Hind hám Arqa Muz okeanlarına ajratıldı. Házirgi kúnde Dúnya okeanında besinshi – Qubla okeandı ajıratıw barısında da pikirler bar dep jaqsı maǵlıwmatlar berilgen.

Birdey geografiyalıq obektler haqqındaǵı mektep sabaqlıqlarındaǵı eki túrli maǵlıwmatlar oqıwshılardı, sonday-aq, pán oqıtıwshılarında ekilendiriwi, olarda sorawlar payda etiwi sózsiz. Joqarı oqıw ornın tamamlaǵan qánige, yaǵnıy, baslawısh klass oqıtıwshısı mektepte oqıǵan dáwirinde tórt okean bar dep úyrengen bolsa, oqıtıwshı bolıp Tábiyiy pánler kursın oqıtıw barısında bes okean bar ekenligi haqqında maǵlıwmat penen tanısıp ekileniwi anıq. Bul maǵlıwmat boyınsha oqıtıwshı mekteptegi joqarı klastıń geografiya páni oqıtıwshısınan sorawı bolsa tábiyiy jaǵday. Mine, usınday túsinbewshilikler oqıtıwshılardıń qánigelik kategoriyasın alıw ushın attetatsiya proceslerinde de óziniń unamsız tásirin kórsetedi.

7-klass materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyası kursında dúnya okeanları tórtke bólinedi degen maǵlıwmattı úyrengende de oqıwshıda usınday jaǵdaydı gúzetiwimizge boladı.

Ulıwma orta hám orta arnawlı bilimlendiriwdiń mámleketlik bilimlendiriw standartında oqıwshılardıń qolında bolıwı kerek tiykarǵı qurallardıń biri sabaqlıq ekenligi belgilengen. Belgili alım O.Móminov «sabaqlıq-oqıwshılar ushın tiykarǵı qollanba, olar alatuǵın bilimlerdiń eń zárúr deregi» degen pikirdi keltirip ótken.

Bul pikirlerden kelip shıqqan halda sonı atap ótiw orınlı, mekteplerde pánlerdi oqıtıwda, oqıwshılardıń qolındaǵı tiykarǵı qural esaplanǵan sabaqlıqlardı jaratıwdı ózara integratsiyanıń bolıwın qollap-quwatlaymız. Sebebi, maǵlıwmatlardıń hár túrliligi oqıwshıda túsinbewshiliklerdi keltirip shıǵarıwı tábiyiy.

Juwmaqlap aytqanda, keleshegimiz bolǵan jas áwladlardıń dúnya jasları menen teńdey dárejede sıpatlı bilim alıwı ushın birinshi gezekte oqıw baǵdarlamaları, sol tiykarda jaratılatuǵın mektep sabaqlıqlarındaǵı maǵlıwmatlardıń anıqlıǵına itibar qaratıwımız tiyis dep esaplaymız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

**1.** O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevning O‘qituvchi va murabbiylar kuniga bag‘ishlangan tantanali marosimdagi nutqi (30.09.2020)
2. O`zbekiston Respublikasi Prezidentining 2022 yil 11 maydagi 2022 — 2026 yillarda maktab ta`limini rivojlantirish bo`yicha milliy dasturni tasdiqlash to`g`risida”gi PF-134-son Farmoni,
3. 3.Tábiyiy pánler (2-bólim). T-2022
4. Mirakmalov M.T., Sharipov SH.M., Avezov M.M., Hojieva M.T.. Geografiya (Ulıwma orta bilimlendiriw mektepleriniń 7-klası ushın sabaqlıq), T-2022.
5. Ходжаева Г. А., Жиемуратова Г. Ө. География сабақларын оқытыўда өзбетинше тапсырмаларды пайдаланыўдың әҳмийети //Илим ҳәм жәмийет. – 2020. – Т. 2. – С. 66-68.